# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–12 दिसंबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी बिहने संगमनगरी प्रयागराज अइहें अउर अगिला सालि तेरह जनौरी से सुरू होखे वाला महाकुंभ दुइ हजार पचीस क औपचारिक उद्‌घाटन करिहें। येह मौका पर उहां के करीब सात हजार करोड़ रूपिया क महाकुंभ परियोजना क लोकारपण करबि। हमरे संवाददाता क एगो रिपोर्ट–

***प्रधान मंत्री महाकुंभ 2025 के लिए विभिन्न परियोजनाओं का उद्‌घाटन करेंगे। इसमें बुनियादी ढांचे को बढ़ावा देने और प्रयागराज में निर्बाध कनेक्टिविटी प्रदान करने के लिए 10 नए रोड ओवर ब्रिज (आरओबी) या फ्लाईओवर, स्थायी घाट और रिवरफ्रंट सड़कें जैसी विभिन्न रेल और सड़क परियोजनाएं शामिल होंगी। प्रधान मंत्री प्रमुख मंदिर गलियारों का उद्‌घाटन करेंगे जिसमें भारद्वाज आश्रम गलियारा, श्रृंगवेरपुर धाम गलियारा, अक्षयवट गलियारा, हनुमान मंदिर गलियारा शामिल होंगे।पीएम करीब तीन घंटे तक टेंट सिटी में रहेंगे और त्रिवेणी संगम, अक्षयवट और भगवान हनुमान मंदिर में पूजा–अर्चना करेंगे और गंगा पूजन और आरती करेंगे। पीएम कुंभ मेला क्षेत्र में एक रैली को भी संबोधित करेंगे। सुशील चंद्र तिवारी आकाशवाणी समाचार प्रयागराज।***

**********

महाकुंभ दुइ हजार पचीस के पहिले बिहने प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अइले से पहिले मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु प्रयागराज पहुंचि के तइयारियन क जायजा लिहलें। मुख्यमंत्री प्रधानमंत्री के जनसभा स्थल, संगम क जेटी, हनुमान मंदिर, अक्षयवट अउर किलाघाट क निरीक्षण कइलें। येह मौका पर उहां के अधिकारियन से प्रधानमंत्री के कार्यक्रम के ले के कइल गइल सज्जो तइयारियन क जनकारी लिहलीं अउर जरूरी दिसा–निरदेस दिहलीं। मुख्यमंत्री के निरीक्षण के दौरान उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य, कैबिनेट मंत्री स्वतंत्रदेव सिंह अउर नन्द गोपाल गुप्ता नंदियो मौजूद रहलें। येह बिच्चे प्रधानमंत्री के आगमन पर यातायात व्यवस्थित रक्खे बदे कइल जा रहल राहि में बदलाव के नाते जिला विद्यालय निरीक्षक बिहने सज्जो माध्यमिक विद्यालयन में सिक्षण कार स्थगित रखले क आदेस जारी कइले हवें।

**********

प्रयागराज महाकुंभ दुइ हजार पचीस के भव्य अउर यादगार बनावे बदे पूरा प्रयागराज के फूल–माला अउर पौधन से सजावल जा रहल हौ। फूल–माला क आपूर्ति क जिम्मेदारी बनारस के मिलल हौ। दस लाख पौधा प्रयागराज के सड़किनि से ले के कुंभ परिसर ले लगावल जाई। पचास से जियादा फूलन क प्रजाति महाकुंभ में सुगंधित होई। काशी क दरजन भर माली महाकुंभ में मौजूद रहि के भिन्नहीं अउर संझा क पौधन अउर फूलन के सजावट क धियान रखिहें।

**********

मऊ जिला के डुमरी मर्यादपुर में आजु उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक पंडित कन्हैयालाल मिश्र विधि महाविद्यालय आ इंदिरा गांधी हॉस्पिटल अउर रिसर्च सेंटर में दस बेड से सौ बेड क उच्चीकृत आ कई गो चिकित्सकीय सुविधा से सुसज्जित अस्पताल क उद्‌घाटन कइलें। येह मौका पर आयोजित समारोह के सम्बोधित करत उहां के चिकित्सा, सिक्षा, जल जीवन मिशन आ अउरियो क्षेत्रन में सरकार के उपलब्धियन के गिनवलीं।

**********

केंद्रीय सड़क परिवहन अउर राजमार्ग मंत्री नितिन गडकरी  आजु लोकसभा में कहलें कि दुरघटना में घाही होखे वालन बदे कैसलेस इलाज योजना जल्दिये पूरा देस में सुरू कइल जाई। लोकसभा में एगो सवाल के जबाब में श्री गडकरी बतवलें कि छौ राज्यन में चलि रहल योजना जल्दिये उत्तर प्रदेस अउर बाद में देस के बाकी हिस्सन में सुरू कइल जाई।

**********

प्रसार भारती आवे वाला हॉकी इंडिया लीग क सोझे प्रसारण करे बदे आजु नई दिल्ली में हॉकी इंडिया के साथे एगो समझौता ज्ञापन पर दस्खति कइले हौ। येह समझौता ज्ञापन के साथे दूरदर्शन हॉकी इंडिया लीग दुइ हजार चउबीस–पचीस बदे आधिकारिक प्रसारण भागीदार बनि गइल हौ। हॉकी इंडिया लीग के संचालन समिति क सदस्य भोला नाथ सिंह अउर प्रसार भारत क अध्यक्ष नवनीत सहगल समझौता ज्ञापन क आदान–प्रदान कइलें। प्रसार भारती क मुख्य कार्यकारी अधिकारी गौरव द्विवेदी, आकाशवाणी क महानिदेसक प्रज्ञा पालीवाल गौंड, दूरदर्शन क महानिदेसक कंचल प्रसाद, दूरदर्शन समाचार क महानिदेसक प्रिया कुमार आ अउरियो लोगि येह मौका पर मौजूद रहलें।

**********

अजोध्या क कैंट इलाका में निर्मली कुंड के आसपास पछिला कुछु महिन्ना से एगो तेंदुआ क आहट पावल गइल हौ। डीएफओ प्रणव जैन बतवलें कि वन विभाग ट्रिपिंग कैमरा लगा दिहले हवे अउर पोस्टर लगा के लोगिन के जागरूक कइल जा रहल हौ।

**********

प्रदेस के पूरबी हिस्सा में सुक्खल पछुआ बेयारि के परभाव से न्यूनतम तापमान में गिरावट भइले से ढेर ठंडी क एहसास होखे लागल हौ। मौसम विभाग के मोताबिक तापमान में गिरावट क ई सिलसिला अगिला कुछु दिन ले बनल रहल। येह बिच्चे विभाग अगिला दुइ दिन ले भिन्नहीं के समय गोरखपुर, बस्ती अर आजमगढ़ मण्डल के जिलन में सितलहरी अउर पाला परले क सम्भावना जतवले हौ।

**********